# ХОЖАХМЕТ ЕСБЕРГЕНОВТЫҢ ХАЛЫҚТЫН ҲӘМ МӘДЕНИЯТТЫҢ ҚӘЛИПЛЕСИЎИ-ҲАҚҚЫНДАҒЫ ИЗЕРТЛЕЎЛЕРИ

**Турдыбаев Аббаз Қуралбай улы**
*Бердақ атындағы ҚМУ Этнография, этнология ҳәм антропология қәнигелиги магистранты*

Қубла Арал бойларындағы әййемги дәўирден баслап XVI-әсирге дейинги тарийхый процесслер археологлар тәрепинен, ал XVI-әсирден кейинги дәўирлерге киретуғын тарийх ҳәм мәдeният ҳаққында тарийхшы илимпазлар тәрепинен изертленип ол ҳаққында бир нешше китаплар мақалалар жазылды. Усындай қарақалпақ халқы ҳәм оның мәдeнияты ҳаққында изертлеў жумыслары Хожахмет Есбергенов тәрепинен кең көлемде алып барылады. Хожахмет Есбергенов қарақалпақлардың этнографиясы, турмыслық салт дәстүрлери ҳаққында бир қанша мийнетлер дөретти. Биз усы мақаламызда тек ғана оның халықтын ҳәм мәдениеттың қәлиплесиўи- ҳаққындағы теориялық көз қараслары пикирлерин айтып өтемиз.

Мәдeният-адам жәмийетинин искерлигинин нәтийжеси. Адамлар күнделикти оңысығына зәрүрли ислерди, затларды таярлаў менен бирге оларды пайдаланады ҳәм келешек жасларға үйретеди. Демек адамнын мийнет искерлигиндеги уқыбы, усылы, мийнет нәтийжесинен исленген нәрселерди пайдаланыў мәселелери мәдeният түсинигин қамтыйды. Мәселен, адамлар дуньяның қай жеринде жасамасын, олар мийнет етеди, хожалық ислери менен шуғылланады. Турақ жай кала, қорған ҳәм тағы басқалар салады, кийинеди, аўқатланады, мерекелерин өтирип, миллий дәстүрлерин ислейди. Көпшилик халықларда бул мәселелер өз-ара уксас болған менен хәр бир халықтың өзгешелиги сезиледи. Сонлыктан да ҳәр бир халық өзинин тил өзгешелиги ҳәм миллий мәданияты менен бири-екиншисинен ажыралып турады [Есбергенов: 3, 4].

Ҳәр бир халықтын миллий дәстүрлери, мәдeният өзгешелиги олардын ата-бабаларынын миллий жактан қәлиплесиў дәўиринен басланады. Бирақ халықтың ата-бабасы бир дәўирде кәлиплесип сол халында мәңги қалмайды. Ҳәр бир халықтың миллий жақтан кәлиплесиўинде олардын ишине жана тийрелер, урыўлар кириў менен бирге жаңа тийрелер, урыўлар пайда болып, олардын топарына мәденияты жақын, гейде бир-биринен қашық урыў топары да қосылады. Бундай

жағдайда сол халықтын курамы кеңейеди ҳәм мәдений жақтан өсиўине жағдай туўылады [Есбергенов: 3, 5].

Аралылар Әмиўдәрья салаларынын арасындағы атаўларында жасаған халықлар деген мәнисте анлаткан. Демек араллылар-хожалық бирикпесиндеги ҳәр түрли урыўлар менен халыклардын бирикпеси. Бул жердеги халықлардың әййемги заманлардан бери хожалықтың бирнеше тури менен шуғылланады: дийханшылық, өнерментшилик, шарўашылық, балыкшылык, аншылық ҳ. т. б. Аңшылық ушын Үстирт кенислиги болса, балықшылық пенен шарўашылыкка бирнешше көл жағалары менен Әмиўдәрья, Орындәрья, Арал теңизинин жағалары қолайлы болған. Ал дийханшылык ушын Қоңырат қаласының әтирапынан баслап Қаллы көл (Қанлы көл муз астынан илме менен усланған балык каны көп болған) Кестесек, Үргеге шекемги қунарлы жерлер пайдаланылған [Есбергенов:3, 6].

Жергиликли халықтың усындай хожалықтың бирнеше түри менен шуғылланыўы, олардын хожалығынын мәдениятынын ҳәр түрли тараўдан раўажланыўына себеп болды. Бундай жағдай адамлардың мийнетке талпыныўын, өнерге қызығыўын талап етти. Өнерсиз, зейинсиз, зийрексиз, сизге олақ адамларды жақсы көрместен. Бундай мәдениятлылық ҳәр бир адамның биреў менен сәлемлесип аман-есенлик сораўынан баслап, отырып-турысынан, кийиниўинен өнеринен сезиледи. Каракалпақлардын дәстүри бойынша сәлемлесиўдин өзи нақыл сөзлерден басланған. Сонлықтанда да «нақылды бир айтпаса ақылсыз айтпайды, ақыллы адам гәпин нақылсыз айтпайды» деген талап елеге шекем халық арасында өмир сүрмекте.

С. П. Толстов, Т. А. Жданколардың дәлийлеўинише Орта Азиядағы түркмен, өзбек, казқлар ҳәм қарақалпақлардың келип шығыўына бизиң эрамызға шекемги VII-V әсирлерде Арал-Каспий регионында қонысласқан кәўимлери қатнасқан. Бизиң эрамызға шекемги биринши, мыңыншы жылдын ярымында Арал тенизинен төменги Волга бойлары аралыкта жасаған көшпели сарматтардың да қарақалпақ халқынын келип шығыўына қатнасы бар екенлиги дәлийленген [Жданко:5, 14-15]. Бул көрсетилген әййемги қәўимлер Иран тилинде сөйлеген. Бул кәўимлердин бир топары бизин эрамыздың II-IV әсирлеринде гунны ҳәм аланлар менен араласады. Шығыс Арал Жанадәрья етеклеринде б.э.ш. IV-II әсирдерде апасиаклар жасайды. Апасиак сөзи суў, дәрья жағаларындағы, атаўлардағы саклар дегенди анлатады. Бул Иран тиллес қәўимлерге V-VII әсирлерде шығыстан турки қәўимлери келип араласады. Солардың тийкарында Кубла Аралдың жағаларында бирнеше урыў бирикпелери қәлиплести олар келешекте Орта Азиядағы бир нешше қәўимлердиң

қәлиплесиўине негиз салады [Жданко: 4, 5-7]. Бул көрсетилген ҳәр түрли қәўимлер менен урыўлар бирикпелери тийкарында кейин қарақалпақ халқы қәлиплескен. Усы айтылған пикирлерди тастыйықлайтуғын гейпара этнографиялық дәреклер қарақалпақ турмысында ушырасады [Есбергенов, Хошниязов: 2, 36].

Қарақалпақлардың сондай-ақ араллы өзбеклер менен туркменлердин ата-бабаларынын қәлиплесиўине жоқарыдағы сөз еткен сак-массагет, сарматлар, аланлардың қатнасыўын, кейин, V-VI әсирлерде оларға түрки қәўимлериниң араласыўын, олар арасындағы байланысын жер, урыў атамалары да тастыйықлайды [Древняя и средневековая культура: 1, 19: 79-83 сүўретлер].

Х.Есбергенов қарақалпақлардың ата-бабалары жергиликли әййемги қәўимлерден бири екенлиги, Х әсирге келгенде ҳәр қыйлы уруў бирикпелериниң қосылыў нәтийжесинде түслик Арал жағаларында қарақалпақ халқының қәлиплесиўин дәлийллеў болды. Алымның илимий мийнетлеринде тийкарғы мақсет – Әмиўдәрья өзиниң тийкарғы бағдарын XIII- XVI әсирлерде Хожели, Гөне Ургениш арқалы, Үстирттиң түслиги менен Каспий теңизине қарап бағдарлаған дәўирде де Әмиўдәрьяның төменги тармағы – Кердердиң Арал теңизи менен тутасқанын көрсетиў еди. Буның ушын ол халықтың жазылмаған аўызеки тарийхын - фольклорын, әдебият классиклери шығармаларын, археологиялық дереклерди тийкар етип алды. Алынған дереклер тийкарында қарақалпақлардың ҳеш ўақытта, ҳеш қайда көшпегенлигин ҳәм басқа жақтан көшип келмегенлигин айырым себеплер менен бөлинип кеткенлигин дәлийллейтуғын илимий мийнетлер жәрияланды.

## ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР

1. Древняя и средневековая культура юго-восточного Устюрта. Т., 1978.
2. Есбергенов Х., Хошниязов Ж. Этнографические каракалпакском фольклоре. Т., 1988.
3. Есбергенов Х. Коңырат тарийхы ҳәм мәдений естеликлери. Н.,1993.
4. Жданко Т.А., Проблема этногенеза каракалпаков. Краткие сообщения института этнографии. Вып. 36, - М., 1962.
5. Жданка Т. А. Очерки исторической этнографии. каракалпаков. -М.-Л., 1950.
6. Ягодин В. Н. Стреловидные планировки Устю-Археология Приаралья, вып. V. Т., 1991.